Ис №1-386-00

Кассация инстанциясында баянатшы судья М.Байниязов

Биринши инстанцияда исти көрген судья Ж.Дауекеев

# У Й Ғ А Р Ы Ў

2019-жыл 08-февраль Нөкис қаласы

Қарақалпақстан Республикасы жынаят ислери бойынша судының судлаў коллегиясы, өз имаратында, ашық суд мәжилисинде, басшылық етиўши – судья М.Байниязов,

коллегия ағзалары – судьялар Т.Туракулов ҳәм А.Абдикаримовтан ибарат қурамда,

судья аға жәрдемшиси Б.Бердибаевтың хаткерлигинде,

Қарақалпақстан Республикасы прокуратурасының бөлим аға прокуроры А.Бисенова,

судланған [redacted] ҳәм оның қорғаўшы адвокаты Б.Жолдасовтың қатнасында,

Нөкис қаласы судының 2000-жыл 26-декабрьдеги [redacted] қарсысына шығарылған ҳүкими үстинен судланған [redacted] қорғаўшы адвокаты Б.Жолдасов тәрепинен берилген шағым арзасына тийкар исти кассация тәртибинде көрип шығып, төмендегилерди

## а н ы қ л а д ы:

Судтың ҳүкими менен:

1971-жыл 31-январь күни Нөкис қаласында туўылған, Өзбекстан Республикасы пуқарасы, миллети қарақалпақ, шаңарақлы, жумыссыз, алдын судланбаған, Нөкис қаласы [redacted] жасаған, бас шарасы боста болған [redacted]

Өзбекстан Республикасы Жынаят кодекси 228-статьясы 2-бөлиминиң «б» бәнти менен 1 жыл мүддетке еркинен айырыў жазасы тайынланып, Өзбекстан Республикасы Президентиниң 2000-жыл 28-августтеги “Өзбекстан Республикасының Ғәрезсизлигиниң тоғыз жыллығына байланыслы амнистия ҳаққындағы Пәрманының 2-бәнтине тийкар тайынланған жазадан азат қылынған.

Ис бойынша айғақлы зат ретинде алынған Матсапаев Кенжа, Светличная Ирина, Ким Андрей, Киякбаев Талгат ҳәм Тайлаков Узақбергенлердиң атындағы қәлбеки жасалған пуқаралық паспортлар жоқ қылынған.

Судтың ҳүкимине көре, 2000-жыл 5-апрель күни [redacted] пенен бирге бири Нөкис қаласы жазаны орынлаў бөлими инспекторы, екиншиси КР ИИМ оқыў орайында шофер болып ислеп

жүрип, өзиниң танысы паспорт бөлиминде жәрдемде жүрген сақшылық ротасы инспекторы [redacted] тек Өзбекстан Республикасының пуқаралығы болмаған паспорт жазып бериў ушын тийсли ҳүжжетлери толық болмаған пуқараларға паспорт жазып бериўди илтимас қылғанлар, атап айтқанда;

Ж.Менглибаевтың илтимасына көре, [redacted] тәрепинен Түркменистан Республикасы пуқарасы Матсапаев Кенрика атына СК 0881642 рақамлы, Германия Федератив Республикасы пуқарасы Киякбаев Талгат атына СК 0881636 рақамлы паспорт бланкаларын ҳеш қандай асассыз жазып қәлбекилестирилгенликте айыпланып, судланған.

Жынаят иси апелляция тәртибинде көрилмеген ҳәм басқа судланыўшылар [redacted] ҳәм [redacted] шағым арзалар келип түспеген.

Судланған [redacted] қорғаўшы адвокаты Б.Жолдасов шағым арзасында қорғаўындағы Ж.Менглибаевты айыплаў ушын исте бирде-бир дәлил жоқлығы себепли, суд ҳүкиминиң оған қараған тәрепин бийкар етип, ақлаўды сораған.

Судлаў коллегиясы ис бойынша судьяның баянатын, прокурордың суд ҳүкимин өзгериссиз қалдырыўды сораған, қорғаўшы адвокаттың шағым арзаны қанаатландырыўды сораған пикирлерин еситип, судланған [redacted] көрсетпелерин тыңлап, ис материалларын шағым арза ўәжлери менен қоса тексерип ҳәм оларға баҳа берип, төмендегилерге тийкар суд ҳүкимин өзгериссиз, шағым арзаны қанаатландырмастан қалдырыўды лазым тапты.

Биринши инстанция суды тәрепинен ис бойынша дәлилилениўи лазым болған ҳәмме жағдайлар муқыятлық пенен, ҳәр тәреплеме, толық ҳәм объектив тексерилип, истиң ҳақыйқый жағдайлары анықланып, судланған [redacted] жынайый ҳәрекетлери айыплы деп табылған статья менен дурыс квалификация қылынған.

Судлаў коллегиясы, шағым арзадағы судланған [redacted] айыпсызлығы ҳаққындағы ўәжлер менен келсип болмайды деп есаплайды.

Себеби, судланған [redacted] жоқарыда көрсетилген жынаятты сәдир еткендеги айыбын өзиниң толық мойынлап берген көрсетпелеринен тысқары, ис бойынша биринши инстанция судында соралған [redacted] 2000-жыл апрель айының басында [redacted] пуқара К.Матсапаев ҳәм Т.Киякбаевлардың атына паспорт алып бериўди илтимас қылып, олардың фото-сүўретлерин бергенлигин, соң оның илтимасына көре қәлбеки пуқаралық паспортларын ислеп бергени ҳаққындағы көрсетпеси менен, сондай-ақ соралған басқа гүўалардың көрсетпелери менен бир қатарда, ис бойынша айғақлы зат ретинде алынған К.Матсапаев, И.Светличная, А.Ким, Т.Киякбаев ҳәм У.Тайлаковлардың атларына рәсмийлестирген қәлбеки пуқаралық паспортлар менен бир қатарда ис бойынша топланған басқада дәлиллер жыйындысы менен толық тастыйықланған.

Биринши инстанция суды тәрепинен судланған [redacted] ис-ҳәрекетлерине ҳәр тәреплеме баҳа берилип, жынаят иси бойынша топланған дәлиллерге тийкарланған ҳалда, ислеген жынайы ҳәрекетлери туўры анықланып, ис-ҳәрекетлери дурыс сыпатланған ҳәмде [redacted] шахсы итибарға алынып, сәдир болған жынаяттың аўырлығы, айыптың ҳәм шахстың жәмийетлик қәўиплилик дәрежеси, оның ҳәрекетлериниң жеңиллестириўши ҳәм аўырластырыўшы тәреплери итибарға алынған ҳалда, асаслы жаза түри ҳәм муғдары дурыс тайынланған.

Сонлықтан, судлаў коллегиясы суд ҳүкимин бийкар етип, судланған [redacted] ақлаў ушын тийкарлар жоқ деп есаплайды.

Өзбекстан Республикасы ЖПКниң 490, 496, 506, 509-статьяларын басшылыққа алып, судлаў коллегиясы

у й ғ а р д ы :

[redacted] қарсысына шығарылған Нөкис қаласы судының 2000-жыл 26-декабрьдеги ҳүкиминиң [redacted] қараған тәрепи өзгериссиз қалдырылсын.

Шағым арза қанаатлантырылмасын.

Басшылық етиўши М.Байниязов

Коллегия ағзалары Т.Туракулов

А.Абдикаримов

*Уйғарыў көширмеси негизинен дурыс _______________ М.Байниязов*